ISSN 0207-6551

# Нур

6+

9
2017



# Редакторым и псалъэ

**Ди ныбжьэгъухэ!**

Гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжащи, ехъулIэныгъэ фиIэну дывохъуэхъу псоми!

Хамэ къэралхэми щызэIэпах «Нурым» фи сурэт, ЩIыхь тхылъ, дамыгъэ, IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр къытеддзэну дыхуопIащIэ. Усабийуэ къэпщIар мылъку лъапIэу упсэуху уиIэнущ. Дэ дыхуейщ фэ уэрсэру адыгэбзэкIэ фыпсэлъэфыну, фрижэу мы журналым феджэфыну. Ди адыгэбзэм урипсэлъэну нэхъ гугъущ, уритхэу зебгъэсэным нэхърэ. Макъхэм я къэIукIэр и чэзум зэзымыгъэщIам иужькIэ къыхуэмыщтэжу, «ауан сыкъащIынкъэ», – жиIэу укIытэурэ анэдэлъхубзэм бзэмыIу щыхуэхъу щыIэщ.

Фэ апхуэдэ фыхъункъым! Дэ дывдэIэпыкъунщ.

## Макъхэр зыщIэдгуэша унэ сурэтым феплъмэ, сыт гу зылъыфтэнур?

1. Ищхьэм (унащхьэм) къыщыщIэвдзэрэ зэкIэлъхьэужьу макъхэр вгъэIумэ, Iупэм къыщежьэу тэмакъыщIэм нэсыхукIэ ахэр «мэкIуатэ»(М-IУ).

2. Макъхэр я къэIукIэ елъытауэ «унагъуэурэ» гуэшащ, къат щхьэхуэхэм тесщ. Гу лъыфтэ! ЗэрыIыгъи, зэрымыIыгъи яхэтщ.

3. Макъ «жьыхуу» уэнжакъым икIхэр лъагъуитIу зэхокI...

Макъхэм унэ яхуэтщIати
Къатхэм зыщIаугуэшащ,
Я къэхъукIэ елъытауи
Щхьэж и гуэгъу къигъуэтыжащ.
Унэ кIуэцIым щIэмызагъэу
Хэти бахъэу лъэтэжащ,
БзэмыIу пэтми, Ь-рэ Ъ-рэ
МакъгъэIуфIхэу къыщIэкIащ.


МАКЪХЭР ЗЫДОГЪАЩІЭ
У О И Ы Э А Э(Іэ)
Й ЙУ(Ю) ЙО(Ё) ЙЭ(Е) ЙА(Я)
М
Б П ПІ
В Ф ФІ
Ж Жь Ш Щ ЩІ
Дж Ч КІ З С
Дз Ц ЦІ
Н Д Т ТІ Л Лъ ЛІ
Р К Ку КІу
Х Ху Г Гу
Гъ Гъу Хъ Хъу
Къ Къу Кхъ Кхъу
Хь І Іу
Ь Ъ
Бахъэм хуэдэу жьыхухэр
Іупэ, Іупэ-дзэхэр
ДзапэфІанэхэр
ФІыншэм бзэгум къыщигъэхъухэр
Тэмакъым къыщыхъухэр
ТэмакъыщІэм къыщыхъухэр
Зыгъэхьэзырар
АБРОКЪУЭ Беллэщ

# БЗЭЛЪЭМЫЖ

***КIУЭКIУЭ Мухьэмэдрэ КЪУЩХЬЭТЛIОКЪУЭ Анжелэрэ*** я тхыгъэ иджы япэу къытехуэу аращ «Нурым». ТIури я IэщIагъэм щехъулIэу егъэджакIуэфIхэщ. Мухьэмэд есэпым хурегъаджэ, Анжелэ пэщIэдзэ классхэм щыегъэджакIуэщ. Усэ ятх абыхэм...

*КIУЭКIУЭ Мухьэмэд,*
*КЪУЩХЬЭТЛIОКЪУЭ Анжелэ*

**Б**
анэр къокIыр, хэдмысами,
адзэр къокIуэр, демыджами.
анэ «дзасэм» дегъэузыр,
адзэ дзакъэм дегъэкIылыр.

**П**
ыджэн фIэфIти ди мамыжьым,
къом ар тшэри кIэрытпхащ.
ыджэрей зыкъытхуигъэпщри,
апщэу, бууэ зихъунщIащ.

**ПI**
атIэ пIащIэурэ мэкIуэжыр,
ащэу «тхушхуэ» елъэфыжыр,
алъэ кIэщIым еджэ хъуакъэ,
атIэ пщIэшхуэ игъуэтакъэ!

**В**
ы щIэпщIауэ вакIуэ укIуэм,
агъэм куэд хыумыгъэхъуэн,
ыр хуэмыбзэу фIэкI пхуэмыкIуэм,
а щIы Iыхьэр пхухэхъуэн?..

**ФI**
ыцIэр фIыцIэм щыбгъэдэтым,
энэу нэм, ар тфIэмыфIыцIэ,
ыцIэр хужьым бгъэдэхутэм,
амыщI хуэдэ, мэхъу нэхъ фIыцIэ.

**Ф**
о къыIэрыхьащи, мыщэр щогуфIыкI,
ом хуигъадэ гъащIэр хуохъур гупымыкI!
аджэ тщIынкъэ мыщэр, – жаIэу, бжьэхэр йопщI,
ор иIыгъыу мыщэр бжьаIуэм хуэму Iуопщ.

**Д**

удакъ шыру нэджэIуджэ,
удакъ анэр уогъэтхьэджэ,
экIым зы илъэс зэману,
и нэгу ущIэтынщ къаз анэу.

**Т**

хэкIэ зыдогъащIэ цIыкIухэм,
хэкIэ дахэ диIэ мэхъу,
хылъ еджэкIэ зыдогъасэ,
хури мэхъур ди Iэпэгъу.

**ТI**

ыр мызауэм, тIэкIу мэзэш,
ым тIурытIу заугуэш,
ыхэм я гур къызэхуоплъ,
ыбжьэ бжьакъуэкIэ  зэхуолъ.

**ДЗ**

ыгъуэ цIыкIухэр зоIущащэ,
ыгъуэ анэм йочэнджэщ,
ыгъуэ бын зэдожьэ «щакIуэ»,
ажэ гъуам зэдыполъэщ.

**ЦI**

икъыр бзу дахащэщ,
икъ макъ жьгъыруафIщ,
икъ макъхъуэж и щIасэщ,
икъ бзупэджэжыфIщ.

**Ц**

ыр джамэ, Цыпх, уэ уи дзэ жаныр
ы зэIыхыным еIэзэнщ.
ыкIуэкI! УфIэфIщ уфэрэзэныр,
ым и ишыным уелIэлIэнщ.

# АДЫГЭБЗЭМ И ПШЫНАЛЪЭ




*АБРОКЪУЭ Беллэ*

## Хьэрфгъэудж

Хьэрфгъэуджыр - ДЖ унафэщ.
Ш-м и пшынэм кърещ къафэ.
Макъгъэджэгуу Гу-р мэущ,
Уэгуи Щlыгуи къыдоуш...

Ц цым-цымыр Г-м къыдофэ,
Уфэразэу Ф-ри къофэ,
Хитlэ-хисэу Т-шхуэр къос,
О-быртlымри къыкlэлъос.

Х-м и джатэхэр крихыу
Тl-хужь тlатlэм хузэблихыу,
И бэХУцейр щlехурыхукl,
Пагэу П-ри къроклукl.

Хь-хьэвшырыр къахобанэ,
Шынэу йоплъ Б-бэрэбанэ,
Гъуагъуэ Гъу-м гъуэз къыlурех,
Д- дэ башми зыкърех.

Шкlащlэ цlыкlуу Кl-р мэпкlатэ,
Бзу бзэрабзэу З-р золъатэ,
Хъ-р жыг тхьэмпэурэ мэщхъыщхъ,
Къу къурш къурэр жейм щопырхъ.

Жь-плъыржьэру бжьамияпщэ
Ешмэ, щэхуурэ мэпапщэ.
Дж-м ищl джэгум джэрпэджэж
Аддэ жыжьэу къыподжэж.

***Егъэджакlуэм:***

– Тlури фымакъзешэ щlагъуэщ,
Бзэм и lэфlыр фэ тlум фщlэлъщ.
Зэи фэ фызэмыдауэ,
Псэм фыпэтщlу дэ фытфlэфlщ.
Пэжкъэ, цlыкlухэ?

***Зыжьэу:***

– Пэжщ.
А-ми Э-ми пщlэ фхудощl,
Макъхэм зыми фапэдмыщl,
Адыгэбзэр – бзу бзэрабзэ
Тхуэфщlу фэ фогъэбзэрабзэ!

А-р Э-м нэбгъузкlэ хуоплъэкl, модрейм и щхьэр ехьэхащ. А-р хуэмурэ Э-м бгъэдохьэри и lэр еубыд. Абдеж сабийхэр къотэджри lэгу йоуэ, адрей хьэрфхэри къыщlохьэри псоми уэрэд зэдыжаlэ, А-мрэ Э-мрэ яку дэту.







**_Хэтхэр:_**

**_Егъэджаклуэр; классым щlэс еджаклуэхэр; макъ А; макъ Э._**

*Егъэджаклуэм и закъуэщ. Уэзджынэр къозу. Ар къотэдж, бжэм-кlэ зегъазэри ину жеlэ:*

– Фыкъаклуэ, щlыдодзэ!
Анзор, Аминат! Али, Алыджыкъуэ,
Маринэ, Марат.
Башири, Назири, Къатини фытlыс.
Замири фыкъеджэ,
Аслъэн, уэри тlыс!
Фэ сыт фи мураду
Мыбы фыкъэклуа?

***Башир:***
– Дымыщlэ къэтщlэну
Фи деж дыкъэклуащ.

***Назир:***
– Ди хьэрфхэр нэхъыфlу Тщlыхуну
дыхуейщ.

***Маринэ:***
– Деджэфу, дытхэфу
Десэну дыхуейщ!

***Къатинэ:***
– Ди закъуэу таурыхъ
Дыкъеджэну дыхуейщ

**Зыжьэу:**
«Тху» защlэу деджэну
Дэ псори дыхуейщ!





– Сэрыншэу уэ уэрэд жыпlэфрэ?
Е укlиифрэ, угуоуфрэ?
Е ежьу пашэ уахуэхъуфрэ
Макъ дэгу гурымхэм?
Бгым дэпшыфрэ?

**Э**-м:
– Сэ сылэсэщ, сымакъ щэхущ,
Уэрэд лъэпкъи симыlуэху.
Макъыу хъуар си уэршэрэгъущ,
Хьэрфхэм зы симыдэуэгъу.

**А**-м:
– Ухэмыт ухъуну пашэ,
Ущымыхъуклэ уэ макъ пажэ!
Уэ псалъэпэм уамыгъэув,
Уэ псалъэклэм ущоув,–
Мес бжэ къуагъыр. Клуэи ув!

**Э**-р мэлъаlуэ:
– Псалъэ куэд сэ къызогъэщl,
**А**-м си жагъуэ къевмыгъэщl.
Сыкъэрэкъэтинэщ,
Сыбэрэтlинагъуэщ,
Сыданагъуэ lупэщ...

***Анзор:***
– Уэ умазэ ныкъуэщ!

***Къатинэ:***
– Хьэуэ. Ушабзэкъущ.

**А**-м нэщхъ ищlу:
– Ухьэрф клэщl бзэныкъуэщ!

**Э**-м:
– Хьэуэ. Сымакъ щэхущ.



***Егъэджакlуэм***:
– Сытым хуэдэу дыножьа,
Сытым хуэдэу дынэджа!
Уэ нэхъыфlу зыдгъэцlыху,
Уи ныбжьэгъухэр дэгъэцlыху.

***А-м:***
– Алыфбейм сэ сыщыпажэщ,
Хьэрфу хъуам срапщщ. Сыпашэщ.
Макъыу хъуари зызогъэакlуэ.
Сохъу сыхуейм – уэрэджыlакlуэ.

***Назир lупщlэ ещl:***
– Сэ ***А***-р къызопсэлъыр ***Э*** кlэщlу,
***Э*** макъыр пэрыту къысфlэщlу.
***Э*** макъыр нэхъ щабэу зыхэсщlэу
Сэ пщlэ нэхъ хузощlыр си фlэщу!

***Анзор:***
– ***Э***-р сэри сфlощlыр лэжьэрейуэ,
Хьэрф куэдым гуэгъу яхуэхъурейуэ,
Пщlэ хуэсщlу фlыщэу ар солъагъу,
Къатеклуэн макъи сымылъагъу.

***А***-р ажэ бжьакъуэ мэхъу, псэlухыу,
Сыдж плъыжь адакъэ гупщlэихыу
Мэгубжь, къоуцlыплъри арыххэу
Къреджэ ***Э***-р, ***Э*** кlэщlыр, гухэу.

***Э-р гъэшауэ къыщlохьэри мэув.***
***А-р абы щlоклue:***





***Марат:***
– Къыджаlэ нэхъыжьхэм:
«Дэ ди бзэр мытынш».

***Алыджыкъуэ:***
– Бзэрабзэу зишэщlу
Ар зэй зэпымыш.

***Аслъэн:***
– Хьэрф гугъухэр и куэдщи,
Уесэху урагъэш.

***Али:***
– А макъхэм, здэпшэнумкlэ
Зэй ямыгъэш...

***Егъэджакlуэм:***
– Цlыкlухэ, сэ фхузощl пщlэ лей,
Фэ ЩlЭНЫГЪЭЩ фызыхуейр!
Нэхъ хьэрф гугъу къэпсэлъыгъуейр,
Нэхъ щlыкlейуэ нэхъ гъейшейр
Хэт жиlэн? Хэт къигъэlун?
Дызэщlыгъуу дедэlуэн?

***Аминат:***
– Хьэрфхэр псори зэзгъэцlыхут,
Къыстеклуэн сфlэмыщlт зы цlыху.
***А***-ри ***Б***-ри зэзгъэщlащ,
***Д***-р сымыщlэм хэзгъэщlащ.
Мис абдеж къыщызухащ,
Зэрызмыщlэр зы къэсщlащ.
***Гъ***-р зэратхыр къысхуэмыщlэу,
Зэрыжаlэри сымыщlэу
Сэ щlэздзауэ согъри-согъ,
Мами сэ къызоплъ, къыздогъ.



***Егъэджаклуэр погуфІыкІ:***

– ЩІэныгъэншэр **Гъ**-м егъагъ,
Къызыкъуехри и бэлагъ.
ФІыуэ еджэм ар догъагъэ,
Егъэгушхуэ, зэдагъахъэ...
ИІэщ **Гъ**-м псынщІэрыпсалъэ,
ІуэрыІуатэр къыдопсалъэ:
**«Дыгъэгъазэм зыщигъазэм
Дыгъэр щыгъуэзат.
Зыхуигъазэри, нэбзийкІэ
ЗэщІигъэкъэбзат»...**
Хьэрфхэри мэпсалъэ,
Ахэм псэ яІутщ.
Щхьэж иІэжщ ІэнатІэ,
Щхьэхуэщ, е зэкъуэтщ.
Зыр зым дэІэпыкъуу
Хьэрфхэм макъ ягъэІу.
Фымыгъэгъуэщэну
Ахэр къыволъэІу.
Я щІыналъэ дахэм
И цІэр Алыфбейщ,
Яухуа я лъахэр
Адыгэ Дунейщ!
КъатиплІ хъууэ унэ
А хьэрф цІыкІухэр щІэсщ,
Э, К, Ё, Ю макъхэм
Я цІэ лейр «хэхэсщ».
Япэ къатым щІэсхэм
Уэрэд кІыхь къраш
(*макъзешэхэм*),
ЕтІуанэм тесхэм
Абы зыдагъэш
(*макъ дэкІуашэхэм*).
Къат ещанэм тесхэр
Щэхуу мэІущащэ
(*макъ дэгухэр*),





Ищхьэ дыдэ «Гъуохэм»
Унэр ягъэщащэ.
(*макъ жьгъыжьгъхэм*).
Дэ а унэм япэу
Хэт къыщІэтшым хъун?

***Башир:***
– Макъхэм я нэхъ пашэр!

***Замир:***
– Пажэм деджэм хъун?

***ЕгъэджакІуэм***:
– ИІэ, дыкъевгъаджэ.

***Али:***
– Макъ нэхъ кІиирейм.

***ЕгъэджакІуэм***:
– Ещхьщ ар фи унащхьэ,
И щхьэр къыр папцІейщ.
И фи и щхьи пагэщ...

***Аминат:***
– И пэр дрекъей!

**Зыжьэу:**
– Ар макъзешэ **А**-ращ!
Ар напщІэдэшейщ.
А-ааа! УдаІэ?!.
КъакІуэ, дэ дыпхуейщ.

**А**- макъыр къыщІохьэ:
– Фынэджауэ къысщыхъуа?
Къысщыхъуа, е сыщыуа?





# «ШЭРДЖЭС» КЪЭФАКIУЭ ГУПЫР ЙОХЪУЛIЭ

***«Шэрджэс»*** – адыгэ къэфакIуэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд щIакъым, мыгъэм и щIымахуэрщ. Я гъэсакIуэр ***БЖЬЫХЬЭЛI Замирщ.*** УримыгушхуэнкIэ Iэмал имыIэу, я Iэзагъэр псынщIэ дыдэу къэнэIуащ.

Псом япэу абы я зэфIэкIыр гъатхэпэм Нэхущ Чэрим и концертым къыщагъэлъэгъуащ, «Убых – хы ФIыцIэ Iуфэрыс» адыгэ къафэр дахэу ягъэзащIэри. А мазэ дыдэм Налшык щекIуэкIа «Я – талант» жыхуиIэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ зэпеуэм Гран-при къыщахьащ. Зы мазэ дэкIри, Лыджыдэ Алий и концертым Iэгуауэшхуэ хуаIэту, «Лъапэрисэ», «Убых», «Удж хъурей» къафэхэр щагъэзэщIащ.

Гъатхэкум «Хрустальный шар» зыфIаща лъэпкъ фестиваль-запеуэр Псыхуабэ щызэхэтат, Урысейм и къалэ, республикэ куэдым къикIа къэфакIуэхэр яхэту. Хьэрхуэрэгъухэр гуп 500 нэсырт. «Шэрджэс» ансамблыр псоми ятекIуащ!

Июль мазэм адыгэ ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупыр зэпеуэгъуитIым хэтащ. Япэр (июлым и 13-м), Батуми щекIуэкIащ. Ар икъукIэ зэхьэзэхуэшхуэт – хабзэ хъуауэ екIуэкI дунейпсо фестиваль-зэпеуэт, дунейпсо лъэпкъ къафэхэр щагъэзащIэу. Абы «Шэрджэсым» етIуанэ увыпIэр къыщихьащ. Фестиваль-зэпеуэм июлым и 16-м – Грузием и лъэпкъ балет цIэрыIуэ «Сухишвили» (къызэгъэпэщакIуэ Илико Сухишвили) къызэралъхурэ илъэси 110 зэрырикъум и щIыхькIэ екIуэкIам – япэ увыпIэр къыщахьащ.

Ансамблым и гъэсакIуэми, къэфакIуэхэми фIыщIэ хуащI хьэрхуэрэгъухэм къащхьэщызыгъэкI я фащэ дахэхэр яхуэзыд ***ХЪУРЕЙ Жаннэ***.

АтIэ апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зиIэ ныбжьыщIэ гупым ущымыгуфIыкIыу, уемыхъуэхъуу къэбгъанэ хъун! ДяпэкIи адыгэ лъэпкъым ди къафэ лIэужьыгъуэхэр зэрагъащIэу, лъэпкъ щэнхабзэр ди къэралми, нэгъуэщI щIыпIэхэми я утыкушхуэхэм щагъэлъагъуэу, фестиваль-зэпеуэ куэдым увыпIэфIхэр къыщахьыну дыщогугъ!

***ШЭРДЖЭС Дэбагъуэ***



# ЛЪАБЖЬЭР БЫДЭМЭ, ЩХЬЭКІЭР ДАХЭЩ






Израиль журт къэралым адыгэ къуажитІ щыІэщ – Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ. КъуажитІми зэхэту адыгэу мини 4 щопсэу.

Журтхэм яхэс ди лъэпкъэгъухэм анэдэлъхубзэр яхъумэу, адыгэ хабзэм тету зэрыпсэум и щыхьэтщ я ***Адыгэ щІэблэр***! Быныр лъэпкъ щэнхабзэм зэрыщІапІыкІыр нэрылъагъу пщохъу уахуэзэрэ уепсэлъылІэмэ. Я утыку итыкІэм гухэхъуэгъуэу къыуитыр-щэ!

Илъэс куэд щІауэ Кфар-Камэ дэсхэм «Ди псэ» сабий ансамбль хьэлэмэт яІэщ. Мы иужьрей илъэс зыхыблым ар зыгъасэр Къэбэрдейм икІауэ абы щыпсэу ***ІЭПЩЭ Рустамщ***. А къуажэм къыщыхъу сабийхэм апхуэдизкІэ я лъым хэтщ адыгэ пшыналъэмрэ къафэмри, адэ-анэм я лъэІукІэ, гуп зыбжанэу зэхэдзауэ я щІалэгъуалэр ягъасэ. Илъэсищ ныбжьым щегъэжьауэ Рустам къэфэкІэ ирегъащІэ сабийми балигъми. Абы я бжыгъэр цІыхуи 180-м нос.

*«Апхуэдэ лэжьыгъэр къызэзгъэпэщынымкІэ сэбэп къысхуохъу Кфар-Камэ жылэ хасэм и тхьэмадэ **НЭПСО Закарие,** курыт еджапІэм и унафэщІ **ХЬЭТЫКЪУЕЙ Рандэ**,*– жеІэ Рустам. *Къафэр утыку узэрит къудейркъым, атІэ абы лъэпкъ хабзэри холъагъуэ, уи дуней тетыкІэр къафэбзэкІэ къэІуэта мэхъу. Къафэ дерсхэр щекІуэкІкІэ тхымэхъу. Къафэ дерсхэр щекІуэкІкІэ тхыдэми, щэнхабзэми, хабзэми дылъоІэс, ахэр яхуэсІуатэурэ садолажьэ. Си гуапэ мэхъу сызэрызэхахыр, жысІэр зэрызыхалъхьэр.*

Израилым къыщыхъу хэхэс сабийм и гум, и псэм хэлъщ зэрыадыгэр. Апхуэдэ *гу къабзэ цІыкІухэм гулъытэ яхуэпщІмэ, лъэпкъ щІэиным щІэпІыкІмэ, жыг щхьэпэлъагэу заукъуэдиинущ. Ар сэ фІыуэ къызгуроІуэ, езыхэм я адэ-анэхэри хуабжьу къыздоІэпыкъу. Хэхэс адыгэм зыхуей игъуэтми, псэкІэ зыгуэрым хуэныкъуэщ. Мис ар иризгъэкъужыну садолажьэ цІыкІухэм, икІи гъэмахуэ къэс хэкум къызэрытшэным иужь дитщ.*





*«Ди псэ» ансамблым и концерт Налшыки щыдгъэлъэгъуэну дигу илъщ. А цІыкІухэм я фащэр щедгъэдыр Налшыкщ, абыкІэ* ***ХЪУРЕЙ Жаннэ*** *хуабжьу дыхуэарэзыщ».*

Кфар-Камэ дэт Адыгэ музейм хамэ къэрал къикІа турист куэд щызэблокІри, адыгэм къыщІэна хьэпшыпхэмрэ лъэпкъым и щыІэкІэ-псэукІэмрэ щагъэлъагъуэ музейм «Ди псэр» куэдрэ ирагъэблагъэ, зыплъыхьакІуэхэм адыгэ щэнхабзэр нэрылъагъу щащІ, а ялъагъум зыІэпимышауи зы цІыху къуажэм дэкІыжкъым.

Іуэхугъуэшхуэу, лъэщу илъэс къэс Кфар-Камэ щокІуэкІ Адыгэ щэнхабзэм и Дунейпсо фестиваль. Хамэ къэрал щыщ ансамблхэр чэзууэ кърагъэблагъэри, хэхэс адыгэхэм я деж концерт щат. Ансамблым и къэфакІуэ цІыкІухэр зы утыку къащыдофэ АР-м и «Налмэс» ансамблым, КъБР-м и «Кабардинка» къэфакІуэ гупым.

Мы гъэм екІуэкІа фестивалым Тыркум къикІа «Іуащхьэмахуэ» ансамблымрэ «Ди псэмрэ» зэгъусэу ята концертым еплъахэм гукъинэж ящыхъуащ.

«Ди псэ» цІыкІухэр щІыпІэ куэдым зыкъыщагъэлъэгъуэну хунэсащ, адыгэм и цІэр яІэтрэ ди лъэпкъ щэнхабзэр утыку ирахьэу. Ахэр хэтащ Чехым, Венгрым, Иорданым, нэгъуэщІ къэралхэми щекІуэкІа фестивалхэм, Мейкъуапэ щыІащ, иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэну ягу илъщ. Дахэу къызэрыфэм и закъуэкъым адыгэ сабийхэр адрейхэм къахэзыгъэщыр, атІэ я анэдэлъхубзэр шэрыуэу зэрагъэбзэрабзэрщ. Япэ классым щегъэжьауэ адыгэбзэр, ивритыр, хьэрыпыбзэр, инджылызыбзэр ядж, анэдэлъхубзэм япэ ирагъэщ яхэмыту. Къуажэм дэсу хамэбзэкІи пхуэпсэлъэнукъым.

***Кфар-Камэр къуажэ псоми къазэрыхэщыр сыт жыпІэмэ, – адыгэбзэ фІэкІа абы зэрыщызэхыумыхырщ.***

***НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ***

# КЪАПЛЬЭН ШЫРЫР ВЛЭЖ

**ФI** - фIыцIэ, **Гъу** - гъуэжь, **У** - удзыфэ, **Къ** - къащхъуэ.



# КЪЭЩIЭРЕЙ

Егъэджакlуэ ***ХЪУРЕЙ Лусенэ***
сабийхэм яхуэзэхилъхьа тхылъым къитхащ

**1**

**А** Къахоплъыр, къахощыр, хъушэм япэ йощыр,
Пащlэ пхуимыгъэкl, жьакlэ кlыхь егъэкl,
Бгыщхьэр зи нэрыгъщ,зи бжьакъуитI щыгугъщ.

**Б** Небэ-къебэу джабэм дэкl,
лъабэ щимэу щхьэр зыгъэкl.

**В** Зи макъыр пшыналъэ, зи лъакъуэр кlэрахъуэ.

**Г** Дуней псор къаплъэу, итщ ди пащхьэ, доплъри.

**Гу** Лъэдий псыгъуэм пагъэлъэлъ,
дыжьын щlыlуу зэролъэлъ.

**Гъ** Къытхуаша нысащlэр
щхъуэкlэплъыкlэ защlэщ.

**Гъу** Дунейм тетым я нэхъ кlыхь,
пабжьэ кlыхьым къыхэмыщ.

**Д** Дунейр зыгъэнэху, псыр зыгъэхуабэ.

**Дж** Ди чей цlыкlу махъсымэ изщ.

**Дз** Зи нэр къэмыплъэ, мыплъэу лъэтэф.

**Е** Iэдэ иlэ щхьэкlэ пхъащlэкъым,
псым хэс щхьэкlэ бдзэжьейкъым.

**Ж** Фом нэхърэ нэхъ Iэфl, абрэмывэм нэхърэ нэхъ
хьэлъэ, бэзэрым пхъымэ ямыщэху.

**Жь** Ди чэтым щынэ хужь щlэзщ.

**З** Бжьыхьэ хъуамэ мэхъур плъыжь,
уедзэкъамэ Iур ещl дыдж.

**И** Таурыхъыжьхэм щыахьмакъ,
зи псэлъэкlэри гъуо макъ.

**Й** Хущхъуэу ар фэ гъуэплъщ,
бжьыбжьу шыбжииплъщ.

**К** Лъэуэ-пкlэуэ къэзыжыхь,
зи шыр цlыкlур жыпкlэ зыхь.

**Ку** Шэрыуэу зэlуокl, абыкlэ дыдокl.

**Кl** Дэм и жылэр къизышхыкl,
дафэр зи гъуэм къизыпхъыкl.

**Кlу** Лъабэ щабэ пащlэ цlырхъ, зэрыгъуэлъу
жейм щыпырхъ гъафlэгъыбзэу и цlэр сыт?

**Къ** Тхьэмпабгъуэ и къуэ лlы хъурей.

**Къу** Лъащlабгъуэ, щхьэ гъуанэ,
щlыбышэ, пэ шия.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| А | | 3 | | | | |
| Б | 1 | | | 9 | | |
| В | | 6 | | | | |
| Г | | | | | | |
| Гу | | | | | | |
| Гъ | | | | 10 | | |
| Гъу | 5 | | | | | |
| Д 7 | | | | | | |
| Дж | | 11 | 8 | | | |
| Дз | | | | 2 | | |
| Е | | | | | | |
| Ж | | | | | | |
| Жь | | | | | | |
| З 13 | | | | | 12 | |
| И | | | 4 | | | |
| Й | | 7 | | | | |
| К | | | | | | |
| Ку | | | | | | |
| Кl | | | | | | |
| Кlу | 14 | | | | | |
| Къ | | | | | | |
| Къу | | | | | | |

**2**

Къуажэхь жэуапхэр ифтха нэужь, къыхэгъэщахэм ярыт хьэрфхэр я бжыгъэхэм елъытауэ плlимэ нэщlхэм зэкlэлъифтхэ, фыкъеджэ.
Фи жэуапхэр Нурым и сайтым къевгъэхь.

| 1 | 2 | 3 | | 4 | 5 | 6 | | 7 | 8 | 9 | 10 | | 11 | 12 | 13 | 14 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | | |



НУР ЦIЫКIУРАШ
nur.kbr1982@yandex.ru



***БОРИЙХЭ Элинэ*** (илъэсибгъу),
***Кирэ*** (илъэситху)

***БОРИЙХЭ Салимрэ Кирэрэ*** Германием, Зальцведель къалэм щопсэу. Сурэтыр щытрахар Тэрчыпс и Iуфэрщ, Хьэмидей къуажэм. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм сабийхэр я дадэнанэ деж къэкIуэжурэ ягъэгуфIэ. Езыхэри матхъэ.



***БОРИЙ Салим*** (илъэсих)


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 9 2017 г.

Учредители:

Министерство культуры КБР
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редколлегия:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
14.09. 2017 г.
Выход в свет 28.08. 2017 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Firenight, beer money, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2480 экз.
Заказ № 122
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР – Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.